



Direktiv Alavans

PWOKIRASYON *pou* SWEN SANTE aK TESTAMAN LAVI

EKRI NON OU AK LÈT DETACHE

DAT NESANS

POU ENFÒMASYON POU PRAN
KONTAK: RELE SÈVIS RELASYON
PASYAN NAN 910 615-6120

“Vwa Mwen - *chwa mwen.*”

VOLONTE MWEN POU:

- *Moun mwen vle ki pou pran desizyon pou mwen an lè m pa kapab.*
- *Kalite tretman medikal mwen vle oswa pa vle.*
- *Sa mwen vle pwòch mwen yo konnen.*

Yon Direktiv Alavans Pou North Caroline

Yon Fòm ki Itil pou Tout Granmoun

Entwodiksyon

Fòm sa a pèmèt ou di fason ou vle pou yo ba w swen sante pi devan epi oryante desizyon k ap pran sou swen sa a. Li pa abòde desizyon ki gen pou wè ak lajan. Byenke lalwa pa egzije w pou gen yon direktiv alavans, lè w ranpli fòm sa a, sa ka pèmèt ou resevwa swen sante ou vle a.

Si w gen 18 lane oswa plis epi ou kapab pran desizyon sou swen sante w epi ou kapab di desizyon w pran yo, ou mèt itilize fòm sa a.

Kesyon Moun Poze Souvan

- 1. Kisa yon pwokirasyon pou swen sante ye?** Yon pwokirasyon pou swen sante se yon dokiman jiridik kote ou nonmen yon lòt moun, ki rele "ajan swen sante" ki pou pran desizyon nan zafè swen sante pou ou lè w pa kapab pran desizyon sa yo pou tèt ou.
- 2. Kiyès ki kapab yon ajan swen sante?** Nenpòt moun konpetan ki gen omwen 18 lane epi ki pa pwofesyonèl swen sante ou peye a ka ajan swen sante w.
- 3. Kijan w ta dwe chwazi ajan swen sante w la?** Ou ta dwe byen pran san w pou w chwazi ajan swen sante w la paske moun sa a ap gen anpil otorite pou l pran desizyon konsènan swen sante w. Yon ajan swen sante se yon moun ki konnen w byen, ki disponib pou reprezante w lè sa nesèsè, epi ki vle respekte volonte w. Li vrèman enpòtan pou w pale ak ajan swen sante w sou objektif ou genyen ak sa w vle pou swen sante w demen pou l konnen swen w vle a.
- 4. Kilè pwokirasyon swen sante sa a ap antre an vigè?** Dokiman sa a ap antre an vigè lè doktè w la detèmine ou pa gen kapasite pou w pran desizyon poukont ou ki konsène swen sante w.
- 5. Kijan w kapab anile pwokirasyon swen sante sa a?** Si w konpetan, ou ka anile pwokirasyon swen sante sa a nan nenpòt fason ki aklè ou vle anile l. Pa egzanp, ou ka detwi dokiman sa a, ekri "nil" nan dokiman sa a, di doktè w la w ap anile dokiman an, oswa ranpli nouvo pwokirasyon swen sante.
- 6. Kisa mezi pou pwolonje lavi yo ye?** Mezi pou pwolonje lavi yo se tretman medikal ki la pou retade lanmò, tankou aparèy respirasyon, dializ renal, antibiyotik, bay manje nan tib (nitrisyon ak idratasyon atifisyèl), ak fòm tretman ki menm jan an.
- 7. E si ou vle yo ba w manje nan tib (nitrisyon ak idratasyon atifisyèl)?** Ou ka di si w vle pou yo ba w manje nan tib nan kèk sikonsans. Pou fè sa, chwazi opsyon ou vle yo nan Seksyon 6(A).

Kisa Mwen Ta Dwe Fè avèk Pwokirasyon Swen Sante ak Testaman Lavi Mwen an?

Depi ou fin siyen dokiman an devan yon notè, gen detwa mezi pou w pran pou w asire w doktè w yo, fanmi w ak pwòch ou yo respekte volonte w.

- **Fè kopi paj ki gen kòdba sou yo a.**
- **Voye yon kopi pa lapòs bay doktè w la oswa ba li youn.** Si w voye l pa lapòs, asire w mete yon lèt ki gen adrès ou, dat ou fèt, ak nimewo telefòn ou.
- **Pale sou Testaman Lavi a avèk doktè w la (yo).** Li enpòtan anpil pou w di doktè w la sa w vle dirèkteman. Asire w nou toude klè sou sa w vle epi doktè a ap respekte volonte w.
- **Bay ajan swen sante w la yon kopi dokiman w lan (yo) si w genyen youn.** Se moun ou te nonmen ki pou genyen Pwokirasyon Swen Sante w la si nou te siyen dokiman sa a.
- **Bay fanmi ou ak pwòch ou yo kopi dokiman w lan (yo).** Epitou, ou ka oblije bay klèje w la yon kopi.
- **Toujou konsève dokiman orijinal la (yo) yon kote ki an sekirite epi ki aksesib fasil.** Ou ta dwe fè yon kopi anplis pou w konsève sizoka ou ta pèdi orijinal ou a oswa li ta chire oswa andomaje pa aksidan. Pa mete dokiman sa yo nan kòfrefò,
- **Ekri "Hospital" sou yon kopi epi vini avèk li lè w entène nan yon lopital.** Lonje li bay pèsònèl lopital la pou yo kapab mete li nan dosye w la. Dokiman w lan (yo) ap vin fè pati dosye medikal ou pou lavi. Si, pi devan, ou chanje dokiman w lan (yo), asire w lopital la resevwa dokiman ki modifye a (yo).
- **Fè yon lis ki gen tout moun ou te bay dokiman w lan (yo).** Si, pi devan, ou chanje dokiman w lan (yo), w ap gen lis moun ki bezwen dokiman ki modifye a (yo).

Pwokirasyon Swen Sante

1. Chwa yon Ajan Swen Sante (Tanpri Ekri l ak Lèt Detache)

Mwen rele: _____ Mwen fèt nan dat: _____ / _____ / _____

Adrès mwen se: _____
Adrès Minisipal Vil Eta Kòd postal

Telefòn Lakay Telefòn Travay Telefòn Pòtab

Mwen chwazi moun sa a pou ajan swen sante m pou l ka pran dezisyon nan zafè swen sante pou mwen jan dokiman sa a otorize li an. Dokiman an ap antre an vigè lè doktè mwen an detèmine mwen pa kapab pran dezisyon pou pwòp swen sante m ni mwen pa kapab di dezisyon m pran yo:

Non Konplè: _____ Sa li ye pou ou: _____

Adrès kay: _____
Adrès Minisipal Vil Eta Kòd postal

Telefòn Lakay Telefòn Travay Telefòn Pòtab

Si moun mwen mansyone pi wo a pa kapab oswa pa vle pou l ajan swen mwen, mwen chwazi moun ki vini annapre a pou ajan swen sante mwen pito:

Non Konplè: _____ Sa li ye pou ou: _____

Adrès kay: _____
Adrès Minisipal Vil Eta Kòd postal

Telefòn Lakay Telefòn Travay Telefòn Pòtab

Cape Fear Valley Health System
P.O. Box 2000 / Fayetteville, NC 28302

Direktiv Alavans



2. Deklarasyon Jeneral pou Bay Otorizasyon

Sof si mwen di yon lòt bagay nan dokiman sa a, mwen bay ajan swen sante mwen an otorizasyon pou l pran ak egzekite tout desizyon pou mwen ki gen pou wè ak swen sante, e menm otorizasyon pou li:

- A. Verifye epi pataje nenpòt enfòmasyon, aloral oswa alekri, konsènan sante fizik oswa sante mantal mwen, sante dosye medikal ak dosye lopital yo.
- B. Chwazi pwofesyonèl swen sante mwen yo.
- C. Chwazi etablisman swen sante mwen an epi bay konsantman pou yo entène mwen. Yon etablisman swen sante kapab gen ladan l yon lopital, mezon retrèt oswa konvalesans, ospis, etablisman swen alontèm oswa lòt etablisman swen sante.
- D. Bay konsantman pou yo entène m nan yon etablisman pou swen oswa tretman maladi mantal. Mwen ka ranpli Seksyon 3 nan dokiman sa a oswa yon Enstriksyon Alavans apa pou Swen Sante Mantal pou m bay plis enstriksyon oswa restriksyon konsènan swen sante mantal mwen. Si mwen pa ranpli Seksyon 3 a, mwen pa ranpli yon Enstriksyon Alavans apa pou Swen Sante Mantal, ajan swen sante mwen an ap gen pouvwa pou l bay konsantman pou swen ak tretman maladi mantal mwen.
- E. Bay konsantman pou yo ban mwen medikaman pou swen sante mantal epi tretman ak elektwochòk (ECT) moun rele souvan "tretman ak chòk." Mwen ka ranpli Seksyon 3 nan dokiman sa a oswa yon Enstriksyon Alavans apa pou Swen Sante Mantal pou m bay plis enstriksyon oswa restriksyon konsènan swen sante mantal mwen. Si mwen pa ranpli Seksyon 2 a, epi mwen pa ranpli yon Enstriksyon Alavans apa pou Swen Sante Mantal, ajan swen sante mwen an ap genyen tout otorite pou l bay konsantman pou yo ban mwen medikaman pou swen sante mantal mwen.
- F. Bay konsantman pou anile oswa refize konsantman pou tout dyagnostik ak demach tretman yon pwofesyonèl swen sante preskri oswa bay otorizasyon pou li. Otorizasyon sa a gen ladan l pouvwa pou bay konsantman pou pran mezi pou soulaje doulè.
- G. Bay otorizasyon pou yo kòmanse oswa sispann mezi pou pwolonje lavi yo. Mwen ka ranpli Seksyon 6 nan dokiman sa a ki genyen Direktiv Alavans mwen an. Si mwen ranpli Seksyon 6 la, ajan swen sante mwen an ta dwe respekte nenpòt enstriksyon oswa limit mwen bay konsènan mezi pou pwolonje lavi yo. Si mwen pa ranpli Seksyon 6 la, ajan swen sante mwen an ap gen tout otorite pou l chwazi ki lè pou yo kòmanse oswa sispann mezi pou pwolonje lavi yo.
- H. Otorize yon otopsi oswa deside sa k ap pase ak kadav mwen, selon enstriksyon oswa limit ki genyen nan Seksyon 4 nan dokiman sa a.
- I. Pran mezi legal ki ka nesesè pou egzekite desizyon sa yo.



3. Dispozisyon ak Limit Espesyal

Ranpli Seksyon 3 sa a sèlman si w vle limite pouvwa ou bay ajan swen sante w la jan sa di pi wo a. Si w pa parafe okenn nan opsyon ki vini annapre yo, p ap gen okenn limit espesyal sou otorite ajan w lan.

REMAK: PA parafe sof si w mete yon limit.

A. _____
(Paraf) Nan egzèsè otorite l pou pran desizyon nan zafè swen sante, tankou desizyon konsènan swen sante mantal nan non mwen, otorite ajan swen sante mwen an ap pliye anba dispozisyon espesyal ki vini annapre yo:

B. _____
(Paraf) Nan egzèsè otorite l pou l pran desizyon konsènan otopsi ak sa k ap pase ak kadav mwen nan non mwen, otorite ajan swen sante mwen an ap pliye anba dispozisyon ak limit espesyal ki vini annapre yo:

4. Dispozisyon pou Responsablite Legal

Si l vin nesèsè pou yon tribinal chwazi yon moun ki pou responsab legal mwen, mwen nonmen moun mwen chwazi nan Seksyon 1 an, nan lòd mwen nonmen yo a, pou responsab legal mwen, san yo pa bay okenn kosyon ni garanti. Responsab legal la dwe aji selon atik G.S. 35A-120l(a)(S). (Parafe sèlman si w ta renmen nonmen ajan swen sante w la pou responsab legal; sinon, kite l vid) _____

5. Konfyans nan Ajan Swen Sante

A. Nenpòt moun, nan bònfw, suiv enstriksyon ajan swen sante mwen an, p ap responsab okenn aksyon l fè oswa li bliye fè sou baz pouvwa m bay ajan swen sante mwen an.

B. Se sèlman ajan swen sante mwen an ki kapab egzèsè pouvwa m bay nan dokiman sa a. Depi dokiman sa a antre an vigè, yo ka aksepte siyati ajan swen sante mwen an oswa mezi li pran selon dokiman sa a kòm si mwen ki te otorize yo epi ki te prezan pèsònèlman, ki te konpetan, epi ki t ap fè afè m poukont mwen. Nenpòt mezi ajan swen sante mwen an pran selon dokiman sa a epi nan bònfw ap angaje mwen, siksesyon mwen, eritye mwen yo, siksesè mwen yo, benefisyè mwen yo, ak reprezantan pèsònèl mwen yo. Ajan swen sante mwen an gen plis pouvwa pou l pran desizyon nan plas mwen pase fanmi mwen, pwòch mwen, zanmi mwen, oswa lòt moun.



6. Direktiv Alavans Konsènan yon Lanmò Natirèl

Ou oblije ranpli seksyon sa a sèlman si w ta renmen bay enstriksyon espesifik konsènan mezi pou pwolonje lavi ki ka disponib pou ou yo. Si w chwazi pa ranpli Seksyon 6 la, ajan swen sante w lan ap kapab detèmine ki lè yo ta dwe refize oswa retire mezi pou pwolonje lavi yo epi l ap gen pouvwa pou l refize nitrisyon ak idratasyon atifisyèl la.

A. Nan sa ki konsène mezi pou pwolonje lavi, si doktè mwen an detèmine mwen manke kapasite pou m pran oswa di desizyon mwen pran nan zafè swen sante epi:

I. Mwen gen yon maladi ki pa ka geri oswa ki pa ka chanje k ap lakoz lanmò mwen nan yon ti bout tan, mwen bay enstriksyon ki vini annapre a **(Parafe YON espas vid sèlman):**

(Paraf)

Direktiv pou Refize oswa Retire Tretman: MWEN PA vle pou yo pwolonje lavi mwen epi mwen pase lòd pou m di yo DWE refizeoswa kanpe mezi pou pwolonje lavi yo menm si ajan swen sante mwen an di non.

Men, mwen vle resevwa nitrisyon ak idratasyon atifisyèl **(Ou dwe parafe la a si w vle resevwa nitrisyon oswa idratasyon atifisyèl. Sinon, kite l vid.)** _____

(Paraf)

Direktiv pou Tretman Maksimòm: Mwen PA otorize ajan swen sante mwen an retire, refize oswa kanpe mezi pou pwolonje lavi yo. Mwen vle pou yo pwolonje lavi mwen rive nan dènye limit ki posib, nan limit nòm pratik medikal yo aksepte yo, san yo pa gade sou maladi m genyen, chans m genyen pou m geri, oswa kòb entèvansyon sa yo koute.

II. Mwen san konesans epi, nan yon degre sètitud medikal ki wo, m p ap janm repran konesans, m pase lòd ki vini annapre a **(Parafe YON espas vid sèlman):**

(Paraf)

Direktiv pou Refize oswa Retire Tretman: MWEN PA vle pou yo pwolonje lavi mwen epi mwen pase lòd pou m di yo DWE refizeoswa kanpe mezi pou pwolonje lavi yo menm si ajan swen sante mwen an di non.

Men, mwen vle resevwa nitrisyon ak idratasyon atifisyèl **(Ou dwe parafe la a si w vle resevwa nitrisyon oswa idratasyon atifisyèl. Sinon, kite l vid.)** _____

(Paraf)

Direktiv pou Tretman Maksimòm: Mwen PA otorize ajan swen sante mwen an retire, refize oswa kanpe mezi pou pwolonje lavi yo. Mwen vle pou yo pwolonje lavi mwen rive nan dènye limit ki posib, nan limit nòm pratik medikal yo aksepte yo, san yo pa gade sou maladi m genyen, chans m genyen pou m geri, oswa kòb entèvansyon sa yo koute.



III. Mwen soufri maladi foli avanse oswa nenpòt lòt maladi ki lakoz mwen pèdi yon bon valè nan memwa oswa kapasite koyitif mwen e doktè yo panse pa gen solisyon, mwen pase lòd ki vini annapre a (Parafe YON espas vid sèlman):

(Paraf)

Direktiv pou Refize oswa Retire Tretman: MWEN PA vle pou yo pwolonje lavi mwen epi mwen pase lòd pou m di yo DWE refize oswa kanpe mezi pou pwolonje lavi yo menm si ajan swen sante mwen an di non.

Men, mwen vle resevwa nitrisyon ak idratasyon atifisyèl (**Ou dwe parafe la a si w vle resevwa nitrisyon oswa idratasyon atifisyèl. Sinon, kite l vid.**) _____

(Paraf)

Direktiv pou Tretman Maksimòm: Mwen PA otorize ajan swen sante mwen an retire, refize oswa kanpe mezi pou pwolonje lavi yo. Mwen vle pou yo pwolonje lavi mwen rive nan dènye limit ki posib, nan limit nòm pratik medikal yo aksepte yo, san yo pa gade sou maladi m genyen, chans m genyen pou m geri, oswa kòb entèvansyon sa yo koute.

7. Don Ògàn

Si w ta renmen pou yo mete tout ògàn ou yo disponib pou don, tanpri parafe youn nan opsyon pi ba yo. Si w pa vle bay okenn ògàn, tanpri kite pati sa a vid.

Nan mezi mwen pa deja pran dispozisyon nan vivan mwen ki pa anile, ajan swen sante mwen ka egzèse nenpòt dwa m ka genyen pou l:

(Paraf)

bay nenpòt ògàn oswa pati; oswa

(Paraf)

bay sèlman ògàn oswa pati ki vini annapre yo: _____

(Paraf)

bay kadav mwen pou etid anatomik si sa nesèsè.

Lè ajan swen sante mwen egzèse otorite pou l fè don yo, li pliye anba dispozisyon ak limit ki vini annapre yo:



STOP: DO NOT COMPLETE THIS PAGE WITHOUT A NOTARY PRESENT

I am mentally alert and competent. I am not under any duress, fraud, or undue influence. I am fully informed about the contents of this document. I understand that this document sets forth my wishes about future conditions under which life-prolonging measures may be withheld or discontinued.

Date: _____ Signature: _____

I hereby state that the person named above, _____ signed the document in my presence and appears to be of sound mind and not under duress, fraud, or undue influence. I am not related to the principal by blood, marriage, or adoption and I would not be entitled to any portion of the estate of the principal under any existing will or codicil of the principal or as an heir under the Intestate Succession Act if, the principal died on this date without a will. I also state that I am not the principal's attending physician, nor a licensed health care provider or mental health treatment provider who is (1) an employee of the principal's attending physician or mental health treatment provider, (2) an owner, operator, or employee of an owner or operator of the health facility in which the principal is a patient, or (3) an employee of a nursing home or any adult care home where the principal resides. I further state that I do not have any claim against the principal or the estate of the principal.

Date: _____ Signature of Witness: _____

Date: _____ Signature of Witness: _____

_____ COUNTY, _____ STATE

Sworn to (or affirmed) and subscribed before me this day by

_____ (type/print name of signer)

_____ (type/print name of witness)

_____ (type/print name of witness)

Date: _____

Signature of Notary Public

(Official Seal)

_____ Notary Public
Printed or typed name

My commission expires: _____



KANPE LA: PA RANPLI PAJ SA A SAN PREZANS YON NOTÈ

Tèt mwen klè e m kapab pran desizyon. Mwen pa sibi presyon, fwod ni move enfliyan. Mwen konnen tout sa ki nan dokiman sa a. Mwen konnen dokiman sa a di sa mwen vle konsènan pwochen maladi kote yo ka refize oswa sispann pran mezi pou pwolonje lavi mwen.

Dat: _____ Siyati: _____

Mwen deklare moun ki mansyone pi wo a, _____ siyen dokiman an nan prezans mwen epi li sanble konn sa li fè a epi li pa sibi presyon, fwod ni move enfliyan. Mwen pa gen okenn lyen ak moun ki bay otorizasyon an, ni nan san, ni pa alyans ni pa adopsyon. M p ap gen okenn dwa legal sou siksesyon li selon yon testaman oswa kodisil li redije, oswa antanke eritye si li ta mouri san testaman selon Lwa sou Siksesyon San Testaman an. Mwen di mwen pa doktè moun ki pa bay otorizasyon an, ni yon pwofesyonèl swen sante ki gen lisans ni pwofesyonèl sante mantal ki se (1) yon anplwaye doktè oswa pwofesyonèl sante mantal moun ki bay otorizasyon an, (2) yon pwopriyetè, operatè, oswa anplwaye yon pwopriyetè oswa operatè etablisman sante kote moun ki bay otorizasyon se pasyan, oswa (3) yon anplwaye mezon retrèt oswa etablisman swen granmoun kote moun ki bay otorizasyon an rete. Mete sou sa, mwen di mwen pa genyen okenn reklamasyon kont moun ki bay otorizasyon an ni siksesyon li.

Dat: _____ Temwen an Siyen la a: _____

Dat: _____ Temwen an Siyen la a: _____

_____ KONTE, _____ ETA

Moun nan fè deklarasyon an sou sèman (oswa afime) epi li siyen devan mwen jodi a

_____ (tape/ekri non moun ki siyen an ak lèt detache)

_____ (tepe/ekri non temwen an ak lèt detache)

_____ (tepe/ekri non temwen an ak lèt detache)

Dat: _____

Notè a Siyen la

(So Ofisyèl)

_____ Ekri Non Notè a ak
Lèt Detache oswa tape l

Komisyon mwen ap ekspire: _____



Pou Ajan Swen Sante Mwen, Moun ki nonmen ajan an _____

Mwen ranpli yon dokiman Pwokirasyon pou Swen Sante, e nan dokiman sa a, mwen chwazi w pou Ajan Swen Sante mwen. Mwen vle pou w konnen enfòmasyon enpòtan ki vini annapre yo konsènan responsablite w antanke ajan swen sante mwen:

1. Wòl ou antanke Ajan Swen Sante mwen se pran desizyon nan zafè swen sante pou mwen si m pa kapab pran desizyon sa yo ankò pou tèt mwen. Doktè mwen an ap detèmine lè mwen pa kapab pran desizyon ki gen pou wè ak swen sante.
2. M ap ba w yon kopi dokiman Pwokirasyon pou Swen Sante ki nonmen w antanke Ajan Swen Sante mwen. Si m mete nenpòt enstriksyon espesyal pou ou nan dokiman sa a oswa nenpòt limit sou desizyon ou kapab pran mwen, m ap fè w konnen yo. Ou ta dwe suiv enstriksyon sa yo epi respekte limit yo, menm si yo pa menm ak chwa ou ka fè pou tèt ou.
3. Antanke Ajan Swen Sante mwen, w ap gen otorite pou w pran anpil desizyon ki gen pou wè ak swen sante nan non mwen jan sa endike nan Seksyon 2 nan dokiman sa a, sof si mwen fikse limit nan dokiman sa a yon lòt manyè.
4. Mwen konte sou ou pou w pran desizyon nan zafè swen sante pou mwen lè m pa kapab pran yo ankò. M mande w pou pran desizyon nan zafè tretman pou mwen selon objektif ak dezi mwen genyen konsènan kalite swen mwen ta dwe resevwa. Se sa k fè, li enpòtan anpil pou nou pran tan pou n pale sou dezi, objektif, ak previzyon mwen genyen pou tretman medikal pou w ka konnen ki kalite swen mwen vle.
5. Si m bezwen swen medikal epi m pa kapab pran pwòp desizyon tretman pa m, tanpri pale sou pwoblèm sante mwen an ak opsyon tretman yo avèk doktè mwen yo ak lòt pwofesyonèl swen sante yo. Tanpri mande yo nenpòt enfòmasyon medikal ou bezwen epi mande yo eksplike w nenpòt bagay ou pa konprann. Enfòmasyon yo ba w yo ap ede w pran bonjan desizyon konsènan kalite tretman m ap prefere.
6. Si, pi devan, ou deside ou pa kapab jwe wòl ajan swen sante mwen an ankò, tanpri fè m konnen. Sa ap pèmèt mwen chwazi yon lòt moun pou ajan swen sante mwen. Se menm jan an tou, si pi devan mwen deside chwazi yon lòt moun pou ajan swen sante mwen, m pwomèt ou m ap fè w konnen. Kèlkeswa desizyon an, ou p ap gen okenn lòt responsablite sou do w antanke ajan swen sante mwen.

Mwen dakò pou w chwazi m pou ajan swen sante ou.

Ajan Swen Sante a Siyen la

Dat

